Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

№ 25 (7269)
2 июнь 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

# Экстремистаздагун террористазда данде - рекъел гьечIеб рагъ!

(АТКялъул данделъи тIобитIана «гургинаб столалда нахъа»)



29 маялда райадминистрациялъул конференц-залалда букIана «Дагъистан республикаялда терроризмалде данде хIалтIи гьабиялъул пачалихъиияб программа гIумроялде бахъинабиялъул иналъул хIакъалъулъ» суал гьоркьоб лъураб «гургинаб стол». Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОя лъул бетIер Г. НурмухIамадов, гьесул замасул ишал тIуралев М. ХIамзатов, росабазул бутIрул, учреждениял-организациязул нухмалъулел, общественнияб палатаялъул членал, районалъул АТКялъул аппараталъул хIалтIухъаби, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов, миллатазда гьоркьосел ишазул, общественнял, динияб цолъиялъул вакил М. МухIамадов, РДялъул мугIрузул округалъул АТКялъул вакил С. Сайпов, РДялъул общественнияб палатаялъул пред. А. ГIазизханов, районалъул имам Гъ. Абакаров ва цогидалги.

ТIоцеве докладгун цеве вахъана Г. НурмухIамадов. цIогьал, бандитал, экстремистал ва террористал. Дагъистаналда террористасул образ цебегоялдаса бихьизабулеб буго жагьиллъилъун, нахъеккей лъун, хиянатчилъилъун. Дагъистаналъул тIолабго халкъ данде бахъун буго экстремизмалде терроризмалде. Халкъазда гьоркьосел тероралъул организациязде арал дагъистаниял рикIкIунел руго ВатIан бичараллъун…. Россияги Дагъистанги кинабго рахъалги жанире рачун цо призмалда жанир рукIине ккола, гьелда жаниб дандеккунгутIиги букIине бегьуларо, хасго социалияб, этническияб, динияб ва цогидалги интересазда хурхун»,-абун.

Гьелдаго цадахъ этнополитическияб ва этноконфиссионалиял бутIабаздаги обществалда гIумро гьабиялъе хIинкъи хутIулеб буго динияб рахъ цIунулаго экстремизм-терроризмалда хурхун. Обществалда хIалуцин чучIъизабиялъе, экстремизм-терроризмалъул хIаракат лъугIизабиялъе батIи-батIиял видазул профилактика гьабизе ккола. Гьездасан аслияб буго гIолилазда гьоркьоб гьабулеб профилактикияб рахъ. Гьеб мурадалъе «гургинаб столалъул» гIахьалчагIаз лъикIаблъун бихьизабуна:

I. РДялъул власталъул органазгун цадахъ бакIалъулаб самоуправлениялъул ва гражданазул обществалъул институтазул миллатазда гьоркьоб ва межконфессионалияб рекъел щулалъизабиялъе цадахъ рекъон гьабулеб хIалтIи хадубккунги нухда бачине.

2. Экстремизм ва терроризмалде данде обществалда рекъел гьечIеб ахIвал-хIал лъугьинабиялъе



Гьес бицана цадахъаб хIалтIул. Гьеб гьабулеб бугин бакIалъулал самоуправлениязгун, ясли-ахазул, школазул нухмалъулез, блогераз. Аслияб мурад гьелъул бугин жеги дандчIвазе рес бугеб терроризмалъул идеологиялде данде къеркьей.

Гьединго кIалъана РДялъул общественниябгун диниял цолъиязул, Комитетазул вакилзаби М-К. ХIасанов, С. Сайпов, А. ГIазизханов, М. МухIамадов ва цогидалги. «Гургинаб столалда нахъа» гIахьаллъараз бихьизабуна: «Халкъияб Собраниялде республикаялъул БетIерас гьабураб хитIабалда абулеб буго: «…халкъалда хадубккун жидерго республикаялда хьихьизе ракIалда гьечIо бажарарабщинаб гьабизе.

3. Республикаялъул пачалихъияб власталъул органазда хайир кьолеб информационнияб хIалтIи бачине.

4. Ихтияр цIунулел органазул хIалтIухъаби, диниял хIаракатчагIи, гIелмияб интеллигенциялъул вакилзаби, халкъияб информациялъул, гражданазул обществалъул институтал гьоркьор гIахьал гьарун гIолилазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе.

Гьеб гуребги дандчIваялда кьуна гIемерал суалал, гьезие данде кколел жавабалги щвана.

# Поздравление Главы района с Днем защиты детей

Дорогие земляки, взрослые и дети!

Сердечно поздравляю вас с замечательным праздником — Международным днем защиты детей!

Этот день особый для всех нас, ведь дети – наше будущее, они дарят нам радость и счастье. Каждый ребенок нуждается в любви, заботе и понимании.

Именно поэтому, главная задача власти, общества и всех неравнодушных людей – воспитать наших детей умными, порядочными, образованными ,

Взрослым, необходимо нести ответственность за детей и прилагать все усилия для их полноценного, гармоничного, всестороннего развития и воспитания. Мы должны сделать все, чтобы они чувствовали себя под надежной защитой, получили хороший старт в жизнь.

В районе много талантливых ребят: спортсменов, музыкантов, художников, победителей предметных олимпиад, различных конкурсов, фестивалей, соревнований. Многие из них, несмотря на довольно юный возраст, успешно представляют район на республиканских, всероссийских и международных состязаниях.

Выражаем слова признательности всем, кто по роду своей деятельности, по велению души делает все, чтобы наши дети были здоровыми, счастливыми, развивались духовно, нравственно, были полезны обществу.

В этот праздничный день особые слова благодарности родителям, бабушкам, дедушкам, педагогам, всем, кто вкладывает свои силы и душу в наших детей и внуков, кто окружает их добротой и пониманием.

Огромные слова благодарности хочется сказать сегодня всем тем, кто посвящает свою жизнь работе с детьми, оказавшимися в тяжелой жизненной ситуации, лишенных родительского тепла, с ограниченными возможностями здоровья.

Искренне желаю нашим детям отличного отдыха во время летних каникул, радости общения с родителями и друзьями, новых открытий и ярких, незабываемых впечатлений! Пусть осуществляются все детские мечты, а родные окружают детей заботой и любовью!

**С уважением, глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

# ГIоразул ва хIоразул рагIаллъабазе - рацIцIалъи



Араб анкьалда ТIолгороссиялъул «Нашим рекам и озерам чистые берега» акциялда рекъон Рихьуни ГЭСалъул хIорида сверухъ ва гIурул мухъалда иргадулаб рацIа-ракъалъиялъул тадбир тIобитIана. Акция ана РДялъул тIабигIиял ресурсазул, экологиялъул Министерствалъул ва «Унсоколо район» МОялъул хIаракаталдалъун. Гьенив гIахьаллъана бетIерасул зам. М. ХIамзатов, росабазул бутIрул, ГьаракIуни, Майданск, Рихьуни, Унсоколо, Шамильхъалаялъул гIадамал. Министерствалъул вакил М. Зубаировасул рагIабазда рекъон гьеб гьабуна хIорил лъим чороклъунгутIиялъе, гьеб мурадалда гIемерал хIалтIаби гьарулелги руго. Мусор бакIарана киналго гIахьаллъун, цIун пакеталгун хIадурана кколелъубе босизе.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 25 (7269)*
*2 июнь 2017*
*Рузман*



29 мая глава МО «Унцукульский район», председатель АТК в МО Иса Нурмагомедов провел очередное совещание в целях обсуждения с аппаратом местной АТК, представителем аппарата АТК в РД в горном территориальном округе РД Сайпудином Сайповым и представителем МВД по РД результатов проведения антитеррористической направленности на территории Унцукульского района. В ходе совещания Иса Нурмагомедов дал поручение аппарату АТК ускорить подготовку обращения к местному населению с требованием сдачи имеющего оружия в правоохранительные органы, а также просьбой довести до каждого жителя района о необходимости явки с повинной в случае имеющихся фактов оказания когда либо помощи

# ГIумроялъул нухде нухал ритIаги!

(Школазда ахирисеб цIумур кьабуна)

24 маялда Шамильхъалаялъул школалда букIана школа лъугIун унезе ахирисеб цIумур кьабиялде буссараб рохалилаб тадбир. Гьенир гIахьалъана «Унсоколо район» МОялъул нухмалъулев ГI. НурмухIамадов, лъай кьеялъул управлениялъул нач. Л. МухIамадгIалиев, Шамильхъала поселокалъул бетIер М-ХI. ХIажиев ва цогидалги. Школа лъугIун унезе кIочонареблъун хутIараб гьеб байбихьана рохалилаб линейкагун. Баркигун кIалъазе рахъана учительзаби, тIаде рачIарал, выпускникал.



Жиндирго кIалъаялда муниципалитеталъул бетIерас абуна: «Хириял лъимал, жакъа нуж руго гIумроялъул нухал рикьулеб гIорхъода, нужеда цере руго гIемерал нухал, щивасда тIадаб буго жинди-жиндир гIумроялъул нух тIаса бищизе. Божарав вуго гIемерисез профессионалияб рахъалъ данде кколеб нух тIаса бищулеб батиялда. Кьойидаса-кьойиде нужеде божилъи гьабизе буго улкаялъул аслияб щинаб. Гьанже нужеца кинабго ишалъе хIукмо нужецаго кьотIизе ккола.

Баркиялъул рагIаби абизе бокьун буго кинабго нужее гIоло гьабурал педагогазул, нужер эбел-инсул цIаралда. Гьездаса нужеда ракI унтарал кумекчагIи ва насихIатчагIи, лъикIал гьудулзаби ратизе рес гьечIо. Гьезул кверчIваялъ хIетIалде рахъана нуж ва щивасе гьеб хIажатги буго. Гьединлъидал сабро, нужее, хириял эбел-эмен! Сахлъи, рохел, нужее, лъимал битIараб нухда гали лъолаго!

Гьединалго магIнаялъул кIалъаял гьаруна Шамильхъалаялъул школалъул директор Гъ-М. ГъазимухIамадовас, поселокалъул бетIер М. ХIажиевас, лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиевас, райадминистрациялъул аппарат управлениялъул нухмалъулей П. ГIалиевалъ ва цогидазги.

Рохалилаб тадбиралда батIи-батIиял вокалиял ва кьурдул номерал рихьизаруна цIалдохъабаз ва яслиялъул гьитIичаз. Гьенирго олимпиадабазул ва конкурсазул гIахьалчагIазе кьуна ХIурматалъул грамотаби ва призал.

Ахиралда кьабуна ахирисеб цIумур. Шамильхъалаялъул школалъул рохалилъ гIахьаллъана Унсоколо № I школалъул выпускникалги.

* * *

Лъалеб букIахъе 24-25 маялда Унсоколо районалъул школазда унел рукIана школа лъугIун унезе ахирисеб цIумур кьабиялъул рохалилал тадбирал. Районалъул I5 школалдаса исана гьеб кьабуна 200 ялдаса цIикIкIун выпускникасе. Киналго школазда гьаруна линейкаби, гьенир гIахьаллъана учреждениял-организациязул нухмалъулел, эбел-эмен. Щибал школазда хадур рухьинарун рукIана рохалилал тадбирал тIоритIиялъе жавабиял. Районалъул официалияб сайталдасан ва «Ахихъан» газеталдасан выпускниказда, гьезул эбел-инсуда рохалилаб лъугьа-бахъин баркана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас.

Рохалилал данделъабазда гIахьаллъана выпускниказул эбел-эмен, гьезул г1ага-божарал, педагогал. Гьенир нухбитIиялъул рагIаби абун кIалъана районалъул жавабиял гIадамал. РукIана выпускниказе тIугьдул, ХIурматалъул грамотаби, призал кьей, ихтилат-кеп, ахиркъадги ахирисеб цIумур кьаби.

Нух битIаги нужее гьайбатаб гIумроялде, нижер хириял выпускникал! Жакъа къоялдаса нужеца байбихьулеб буго нужго нужедаго чIун гьабулеб гIумро. Хадубккун щивасухъ бажаризе ккола гьаризесел ишазул жаваб кьун.

ТалихI-рохел, нужее, букIинесеб нухда!

* * *

Араб анкьалда Генуб поселокалъулаб школалдаги букIана ахирисеб цIумур кьабиялъул тадбир. Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, лъай кьеялъул управлениялъул вакил М. ГIабдурахIманов, Генуб росдал бетIер ГI.М. Нуцалхановги.

Рохалилаб данделъиялда баркиялъул кIалъай гьабуна школалъул директор П. ГIабдулаевалъ, М. ХIамзатовас, ГI. Нуцалхановас, эбел-инсул цIаралдасан кIалъана М. МухIамаева. Гьенибго цIалулъ мисал бихьизабурал, олимпиадабазда, къецазда цересел бакIал ккурал цIалдохъабазе ва педагогазе баркала загьир гьабуна школалъул директоралъ, М. ГIабдурахIмановасги.

Тадбиралда лъикIал церерахъинал рукIана «Колобок» ясли-ахалъул тарбия щваразул.

I-II классазул тIаса рищарал цIалдохъабаз кьабуна ахирисеб цIумур, цоцазе кьуна тIугьдул, букIана ихтилат-кеп.

1 июнь - Международный день защиты детей

# Каждый «появился» из детства

Праздник, посвященный дню защиты детей, отмечается 1 июня. И этот праздник – один из самых «старых» среди тех, что носят международный характер. История рассказывает, что еще в 1925 году в Женеве было принято решение по проведению этого праздника. В это время там проводилась конференция по вопросам благополучия детей.

После окончания Второй мировой войны в 1949 году в столице Франции - Париже - прошел конгресс женщин, где была озвучена клятва о постоянной борьбе за мир, который является очевидной гарантией счастливой жизни детей. И спустя год в 1950 1 июня впервые был отмечен детский праздник - день защиты детей. С тех пор это стало традицией, которой большинство стран следуют неукоснительно вот уже более шестидесяти лет ежегодно.

Сегодня День защиты детей отмечается в более чем тридцати государствах мира. Устраиваются различные развлекательные мероприятия, конкурсы с подарками.День защиты детей направлен на решение детских проблем, которых накопилось большое количество в разных областях. Дети – это 20-25% населения любой страны. Опасности, подстерегающие их в разных государствах, значительно отличаются друг от друга. Например, в развитых державах – это отрицательное влияние телевидения и чрезмерное к нему пристрастие. Компьютерные игры, которые перерастают в компьютерную зависимость, настолько отрицательно «программируют» еще слабую детскую психику, что те вполне свободно переносят виртуальную жестокость на улицы. Западная Европа в ужасе от слишком раннего начала половой жизни своих подростков. Японцы, которые чтят традиции и свой уклад жизни, крайне негативно относятся к проникновению «западных» ценностей на рынок «детской» индустрии. Страны Африки и Азии не в состоянии защитить здоровье детей, которым угрожает голод, СПИД. Подрастающее поколение не получает образования и постоянно находится в зоне вооруженных конф-



ликтов.

День защиты детей, как говорит само за себя название праздника, - напоминание всем достигшим совершеннолетия и более старшему поколению о необходимости соблюдать права детей на жизнь, на возможность верить и относить себя к той религии, которую они выбирают сами, на получение образования, досуг и отдых.проведение праздника день защиты детей Этих маленьких жителей планеты надо защищать от психологического и физического насилия. До сих пор существуют «организации», которые используют рабский детский труд. И с этим необходимо бороться.

Пусть каждый взрослый прежде, чем нанести любого вида травму ребенку, вспомнит – ведь он тоже «появился» из детства. И он тоже проходил через многие трудности, непонимание и проблемы. Что он тогда чувствовал? Как переживал? И всегда ли рядом оказывался тот человек, который мог ему помочь, который знал, как это сделать? Дети – это будущее нашей планеты, и именно им придется

исправлять все то, что старшее поколение натворило из-за незнания и халатности. И только морально и физически здоровый малыш сможет вырасти в того, кто воплотит все самые смелые надежды своих предков.

## Микроскопалъ щиб бицараб?

*(Нилъер черх буго микробаз гьалдезабулеб джунгли)*

* КIал, даби унти – гингивит, периодонтит ва цогидалги унтаби ккола бактерияз тканал ва ца-кIал хвезари. Хроническияб воспалениялъ жиндаго хадур цIала цогидал органалги, хIинкъи буго рекIелгун бидурихьазул хиса-баси ккезе.

* Амма кIал кколаро бищунго гIемер бактериял рукIунеб бакI. ЦIинуги буго чIаголъиялъул цIураб орган. Америкаялъул гIалимзабаз чIезабуна гьелда жаниб 2000 ялде гIагарун батIи-батIиял бактериял, грибкаби, микроорганизмал ругилан.

* Цебегоялдаса батIи-батIиял рахунел жалалаздалъун чорокаллъун рикIкIунел рукIарал кверал гIемерго чорокал гьечIо. Западалъул гIемерисел халкъал квераз кванала.

**Дие вокьуларо кьижун чIарав чи**
**РахIат хираялъиялъ хун унев инсан.**
**Цинги вокьуларо пударулев чи**
**Пайда гьечIолъиялъ чIунтарав гIадан.**



*ЧIужугIадан*

Нилъер руччаби

# ХIикматаб бажариялъул гIадан

Лъимерлъиялдаса нахъего Алжанат ГIабдулхIамидова хIайранлъун йикIунаан жиндирго росдал халкъияб творчествалда. Гьелъги батила гьитIинго жийго гьеб ишалъе кьезе х1укму гьабураб гьелъ. I966 соналда лъугIана ГьаракIуни гьоркьохъеб школа ва бачIинахъего гIумро бухьинабуна росдал культурияб рукъалда. I97I соналдаса нахъе жакъа къоялде щвезегIанги хIалтIулей йиго росдал культураялъул рукъалъул директорлъун.



ГьабагIаталда культураялъул Рукъалда абула Россиялъул халкъазул культурая лъул ва гIадатазул Центр,-абун.

Жакъаги Алжанат ГIабдулхIамидова лъул аслияб масъала буго росдал гIадамазул культураялде ва творчествалде, гIадататазде интерес бачIинаби, гьеб бокьизе ахIи, гьелъул кьучIалда гIадамазе тарбия кьей.

Жиндирго тIолабго гIумро гьелъ кьуна творчествалъулаб ишалъе. Дагьаб хIалтIи гьабичIо гьеб цебетIезабиялъе района лъул ва росдал культуриял къиматал рахъал цIуниялъе. Хал ккола гIелаз культуриябгун гIумро гьабиялъул рахъал цIуниялде, лъаялде. Гьелъ махщалида хIадурула миллиял квенал, ахIула гьеб кваназе, гьеб гьабула росдал церегосел тIагIамал квенал гIадамазда кIочонгутIизе.

Культураялъулгун традиционнияб Централда гьабсагIаталдаги гьалдолеб жигараб хIалтIул цIикIкIунисеб рахъ ккола жийго Алжанатил жигарчилъиялде. Гьелъул хIаракаталдалъун гIемераб культурияб ирс цIунун буго гьениб. Гьелъие абуни дагьаб захIмат гуро Алжанатица кьураб.

Лъабго лъимадул эбел... ГIолохъанго къороллъана Алжанат, амма кIвана гьел унго-унголъунги тарбия щварал гIадамаллъун гIезаризе. ЗахIмалъаби цIикIкIаниги гьелъ рехун течIо бокьулеб иш. Жийго творчествалъулъ йосарай гьелъ гьелде рокьи куцана лъималазулъги. Гьелъул яс ПатIимат йиго гIадамаз гьираялда къабул гьаюлей кIочIохъан.

Директоралъул хIалтIи Алжанатица гьираялда ва бигьаго бухьинабула росдал жамгIиял ишазда. Гьей йиго кинабго рахъалъ цеетIурай гIадан. Букъула миллияб ретIел, гьабула ахихъанлъиялъул хIалтIигицин. Гьей йиго гIорхъи гьечIеб фантазиялъул, лъугIулареб творческияб потенциалалъул инсан. Рарал саназухъ балагьичIого лъазабуна компьютер, кигIан захIматалги программабазда хIалтIун бажарула гьелда. Цо-цоял компьютералъул балъголъаби цIехонцин рачIуна Алжанатихъе. Жинцаго хъвала кучIдул, сценариял. Гьелъул сценариял лъола районалъул цо-цо творческиял коллективаз. Шамильхъалаялъул творческияб колективалъ абула гIемер кколин жал Алжанат ГIабдулхIамидовалъухъе кумек гьарун,-абун.

Гьеб гуребги Алжанатица хIетI босула заманалда цадахъ, интерес гьабула ва жигаралда гIахьаллъула росдал, районалъул общественниябгун политикияб гIумроялъулъ. Мисалалъе босани I997 соналдаса нахъе гьей йиго ГьаракIуни росдал № I489 участковияб рищиялъул комиссиялъул председатель.

ГьерекI чIухIула жидерго росуцоялдаса, гьелдаса мисал босизе хIаракат бахъула. Гьез хIурмат гьабула гьелъул гIаданлъиялъул, рукIа-рахъиналъул ишазда цадахъго гьезие кумекалъе ятула Алжанат. Гьеб гуребги гьелъухъе рачIуна дагIба-рагIиялъул суалазда хурхун гIакълодандбазе. «ГIажаибай бажариялъул гIадан йиго Алжанат»,-ян абула гьез.

Алжанат жийго мукIурлъула къасде сордо бачIуна хIалхьи гьабизе, амма дир пикраби рукIуна хIалтIуда,-ян. ХIалхьи гьабулаго гьелъул ботIролъе рачIуна цIиял планал, пикраби, цебе гьабулеб хIалтIи хисизабизе бегьулеб куцалъул сипат-сурат.

Гьелда тIадеги Алжанат ГIабдулхIамидова жигарай гIахьалчIужу йиго киналго культуриялгун рекIелгъеялъул тадбиразул. ГIемерисел выставкабазда, фестивалазда гьезул коллективалъ ккола тIоцересел бакIал. Кинал тадбирал районалда тIоритIулел ругониги, гьерекIдерил коллектив цебе бахъународай,-ян абула балагьараз. Ралагьун чIун рукIуна гьел цере рахъиналъухъ. ХIакъикъаталдаги гьезул букIуна гIажаибал, цереккун цере рахъаразда релъинчIел церерахъинал.

Алжанат ГIабдулхIамидова ккола районалъул ва РДялъул гIемерал грамотаби, баркиялъул кагътал, дипломал щварай хIалтIухъан. 20I2 соналда Алжанат ГIабдулхIамидовалъе кьуна «Ветеран труда» абураб цIар. Гьелда гIумро цебечIезабизе кIоларо хIалтIи гьечIого. Свак лъаларо хIалтIуда. Гьеб цебе бачиналъе цIи-цIиял пикрабалъ йосун йикIуна гьей. Гьелъулъ бугеб рухIияб къуваталда рухIдаллъула гIадамал. Коллективалъги гьей гьечIого хIалтIи цебечIезабуларо. Гьезие пикру гьабизецин бокьулеб гьечIоан Алжанат хIалтIудаса гIодой чIеялъул.

Росуцояз гIемер кьола суал: «Киса нилъер Алжанатица босулеб гьединаб гьира-шавкъ?»,-абун. ГIажаиблъула киса гьелъ босулеб къуват, гьабгощинаб творческияб бажариялъе,-ян. Гьелъул тирилъиялда шавкъалда жахIда ккола бокьарай гIолохъанай ясалъул. Жиндирго жанисеб рухI-жан, хIалтIул шавкъ сверухъ ругездеги бахинабула гьелъ. Гьедин букIуна жиндирго росу бокьулеб бугеб мехалда. ХIакъикъаталдаги Алжанат ГIабдулхIамидова гIадай гьайбатал гIадамазул кумекалдалъун даимго чIаго хутIизе буго культураги, гIадаталги, творчествоги.

**Мадина СУЛТАНОВА**

*Дозул доба кин бугеб?*

# *Индиялда чIужу ячуна якьадалъе йокьарай*

Васасул эбел-инсуца ялагьула жидерго васасе данде кколей бахIарай, кIиябго хъизаналъул эменаз къотIи гьабула ригьин гьабиялъе. БахIаралъги бахIарасги гьабула гIицIго кIиго тадбир. Гьелъул цIар букIуна (ашир-вад – благословение). ТIоцебе гьеб гьабула ясалъул рокъоб лъай-хъвай гьабизе, кIиабилеб – бахIарасухъ. Амма гьел цоцазе рекIее гIунищ гIечIищали лъицаго ургъел гьабуларо, гьезие гIоло кинабго цойиде ккезабун букIуна хъизаназул чIахIияз.

Бертин гьабизе анкь букIаго яс ро къой жаний тIамун йикIуна, къватIие яхъине гьелъие гьукъун букIуна. Берцинго къачIан букIуна гьей йигеб рукъ. Ункъго къо бертаде хутIараб мехалъ рачIуна гIагарлъи бахIаралъул азбаралъуре, гьенибги гьабун букIуна бахIарай чIезе берцинаб бакI.

Бертин гьабизе ункъго къо хутIараб мехалъ киналго гIагарлъи ракIарула бахIаралъур рокъоре, берцинаб, бечедго къачIараб навес-пандал тIамула гьениб. Бакьулъ лъола пуладул цIураб чаша, чIвала кокосалъулаб пальмадул тIегь. Гьеб берцинлъиялъ индусазул пикруялда рекъон бихьизабула хъизан гIуцIарабго бахIаразде тIаде бачIине бугеб талихIалъул.

Бертадул къояз гIолилаз кIалдиб жо лъезе бегьуларо. Анкьгоялде бащадаб хIалтIарабго тIаде яхъинаюла бахIарай. Гьелдалъун гьелда бичIчIизабула ясалъулаб гIумро лъугIараблъи. Праздникалъулаб сара ретIарай гьей ячуна храмалде, гьениб гьелъ мискиназе кьола садакъа.

БахIарасул рокъоб букIуна тIогьилаб тIегьалъе къимат гьабулеб тадбир. Индийцаз тIогьилаб тIегь релъинабула бакъалда. ТIогьилаб краскаялъ релъуна цоцазул надаби, цоцаздеги бала гьеб. Гьелдаса хадуб бахIарасул инсуца



борхизабун гьаракьгин рикIкIуна хварал гIагарлъиялъул гIадамазул цIарал, гьезда ригьин бицунеб гIадин ва нугIзал ахIула берталъе. Къаси мех щолеб гIадинаб мехалъ уна бахIаралъул бакIалде.

ГIолилазда дандчIвала бахIаралъул эмен ва дядя. Гьез хал ккун букIуна бахIаразул кортеж унаго чIужугIадан нухда дандчIвалищали – дандчIвани талихI къвин ккечIого хутIуларо…

Рукъалъул кIалтIа бахIаралъул гьитIинав вацас хIатIал чурула бахIарасул, къочула кIиябго кIаркьеналда. Гьелъул магIна ккола кIиябго хъизаналда гьоркьоб даимгоялъе гIагарлъи кканин абураб.

Азбаралъул бакьулъ бахIарасухъ балагьун букIуна гьев тIад ва хъун чIезе кколеб битIараб къоно, чанго чияс цIулал паланкиналда тIад йосун ячIуна бахIарай. Анкьго нухалъ бахIарасда сверун свериги ба хъун, хадур чIезеги чIун носильщиказ хасаб команда кьола гIолилавги ясги цоцахъ ралагьизе. Гьелда абула тубхо дришни – ай бищун тIоцебесеб,-абун. Хас гьабун бахIаразе берцинго къачIан хIадурараб храмалъуре рачуна бахIарал. Гьел битIухъего цоцазда рухьун рукIуна: бахIаралъул сариялъул цо рагIал бухьун букIуна бахIарасул ратIлида. Жидерго дугIа цIалулаго гIалимас гьезул кверал цолъизарула гирландалдалъун тIугьдулгун. ГIолилас жиндиргоги абуралъулги нодо белъуна багIараб краскаялъ. Гьеб ккола цоцазе ритIухълъиялъул гIаламат. ТIадагьабго къасиквеналдаса хадуб цIияб рукъалъул бетIергьан рахьдал стаканги гьекъезабун, махсарабиги гьарулаго кьижизе вегизавула. Гьесул гIолохъанай лъадиги жиндирго ясалъулаб регулеб рокъое уна кьижизе. Радал гьалбал ва гIагарлъи уна кеп гьабизе бахIарасул бакIалде.

**(Ахир 4 гьумералда)**

МухIамад ХIАМЗАЕВ

# Имамасул хIакъалъулъ биценал

Байтулманалъул харжги кьун гIелму малъизе тарал гIемерал гIалимзаби рукIана имаматалда. Имамас пагьму бугел гIолилал тIаса рищулел рукIана гIелму цIализе ритIизе. Шамилица цIакъ кIвар кьолаан мажгитабазда ва мадрасабазда хIажатал гIелмудал тIахьал рукIинариялде. ТIахьал хъвазе гьунар бугел, хатI берцинал катибазул къокъаби гIуцIун рукIана.

Шамилие гIалимзаби цIакъ рокьулаан ва гьезда гIакълу дандбалаан. I848 соналъ имамас 27 гIалимчи данде гьавун вукIана низам гIатIид гьабизе. Имаматалда машгьурал гIалимзабилъун рукIана: Хъварщиса Загъалав, Сугъралъа ГIабдурахIманхIажи, ХIариколоса Лачинилав, Къарахъа МухIамадтIагьир, ГIурадаса МуртазагIали, Гьонохъа Мусалавдибир, Унсоколоса ХIажигIали, Гъоркьколоса МухIамад, Могьохъа Атанас, ГьацIалухъа ГIамирхIамза, ГIашилтIаса КъурбангIали, БуцIраса ТIалхIат, ЧIикIаса ГIамирхан, ЧIохъа АхIмаддибир ва цогидалги.

* * *

Пачаясул аскарал имаматалъул ракьалде рачIунел ругилан хабар щведал, имамас хехго Дагъистаналъул яги Чачаналъул наибзабазухъе кагътал ритIулаан, аскаралгун пуланаб бакIалде щваян. Щибаб росулъ рукIана имамасул кагътал щвезаризе тарал гIадамал. Риидал-хасало, къаси-къад батIалъи гьечIого, Шамилица абураб бакIалде ракIарулаан наибзабазул аскарал. Ведено ругел муридзабаз чуял кьололаан ва «Лаилагьа иллалагь»,-абун зикруги бачун, имамасул минаялда аскIор данделъулаан. Гьенире ракIарулаан Веденоялдаса гъазаваталде рачунарел харабиги, гIалимзабиги, лъималги. Гьел киналго кьер гьабун чIолаан ва кверaлда убачги гьабун, гьез имам гъазаваталде нуха регIулаан.

Имамас амру гьабун, хазиначияс мискинзабазеги гьардухъабазеги гIарацги ххамги бикьулаан. Имамас гьезда абулаан: «Дица нужеда дугIадул аманат гьабулеб буго. Нужеца рагъда нижее икъбал кьеян дугIа гьабе, Аллагь рехсе ва садакъаги кье. ТIадегIанав Аллагь нилъеда гурхIила ва Гьес нилъее бергьине кумекги гьабила»,-ян. Ведено росдал ракь тезегIан, зобалазде рагIулеб хIалалъ зикруги бачунаго унаан имамасул аскар.

Шамилил гIадат букIана рагъда ккараб хIасил бицине цевеккунго Веденове чи витIулеб. Гъазаваталдаса тIадвуссун вачIунаго, росу рагIалда кьер гьабун, имамасда дандчIвазе бахъунаан Веденоялъул жамагIат.

**Шамилица абулаан:**

Нахъа букIинеселъул пикру гьабурав чиясул бахIарчи вахъунаро.

* * *

БахIарчиясда хIинкъи лъаларо, къадарав чиясда гьеб тIасаги унаро.

* * *

ТIагърал гIемерал руго, бихьинал дагьал руго.

* * *

Аллагь тун батIиясукьа хIинкъулев чи бихьинчи гуро.

* * *

ХIинкъиялъ жеги щивго хвасар гьавичIо.

* * *

Бищунго жиндаса цIодорлъи гьабизе ккарав чи вуго – гьудуласул сураталда вугев тушман.

* * *

ТIахьазул мацI бичIчIуларев чиясда хвалчадул мацI бичIчIула.

* * *

ХIакъалдаги мекъалдаги гьоркьоб бугеб гIорхъи – хвалчадул балалъ букIуна.

* * *

КIалдиб бугеб мацIалдаса хIалалъул мацI пасихIаб букIуна.

* * *

Бокьов ругьунав чиясда ракул махI чIваларо.

* * *

Нилъеца тIаде цIанагIан рикIкIалъула гIодобегIанлъи.

* * *

Бищунго щулияб хъала – ВатIаналде бугеб рокьи

* * *

Алмахъалъулал дие кваранаб квер гIадин руго, квегIалъе къваригIиндал хIалае батулеб.

* * *

Нилъедаса цере рукIараз къулчIараб захIмалъиялъул пикру гьабидал, нилъер къварилъи бигьалъула.

* * *

Гьойдул ругъуналъе дару гьойдул хIухьел буго.

* * *

Бищун лъикIаб ярагъ кинабилан гьикъидал, имамас жаваб гьабуна, къваригIараб къоялъ хъатикье щолеб жо бугинан.

* * *

Имамасул байрахъалда хъван букIана: «Рагъда чучлъи бихьизе тоге, къварилъиялъе сабруги гьабе, гIажал тIаде щвечIого хвел бачIунаро»,-ян.

*Дозул доба кин бугеб?*

# *Индиялда чIужу ячуна якьадалъе йокьарай*




Амма гьел данделъи, ай унго-унгояб ригьин гьабула хIал кIварай якьадалъул вердикталда рекъон. Гьелъ хIукмо гьабула букIине бугищ ригьин яги гьечIищали. Церемониялдаса хадуб бахIарай хутIула росасул рокъой, кодоб-хъатикь щибго жо гьечIого, сайгъат-салам гьечIого. Гьений цIараб анкьалъул болжалалда гьей хIалтIизе ккола якьадалъул яги гьей гьитIинав вацасе ун йигони, кIудияв вацасул чIужуялъул нухмалъиялда гъоркь, жибго най гIадин. ЦIодораб гIагарлъиялъ гьабула хIукмо гьединай бахIарай хIажат йигищ гьечIищали, ахирисеб рагIи букIуна якьадалъухъ. Гьелъие бокьани дагьаб заманаялъ жиндирго эбел-инсухъе щвезе инеги рес букIуна бахIаралъул.

Гьей данде ккечIого нахъчIвани, гIазаналагь! Гьей цIидасан хIадуризе эбел-инсул рокъое йитIула. ГIолилал цоцазе рокьун ругониги кинаб бугониги хIасил ккоаларо, ай якьадалъе бокьараб гурони букIунаро!

## РухIияв цевехъан

АхIмад-хIажи муфтий-нижер цевехъан
ХIурмат тIадегIанав Аллагьасул лагъ,
Унтуе дарулъун буго нижее
ГIакъилаб насихIат дуца гьабулеб.

ГIадатлъи цIикIкIарав, цIар-рецц рихарав
Дур баракат кибго тIибитIун буго,
ТIадегIанас кIодо гьавурав дуда
Хадуб билълъунеб халкъ цIикIкIунеб буго.

Жагьиллъи тIагIине, тIекъал кантIизе
Камилаб дур гIелму сабаблъун буго,
Сабураб тIабигIат, тIокIаб гIаданлъи,
ГIадамазда гьоркьоб машгьурлъун буго.

ГIенеккизе кIолев, кIалъазе лъалев,
Лъай гъваридав шайих, щулияв устар.
Кьер-кьераб пихъ бугеб дур ахикь ккарав,
Унаро гьениса гIорцIун гурони.

БатIиял миллатал Дагъистаналъул
Дур лъикIаб жигаралъ журазаруна,
Халатаб гIумруги лъикIаб сахлъиги,
Сайгъат гьабеги, дуй ТIадегIанисес!

## *Мадрасалда хIисаб кьей*

24 маялда Балахьуни росдал мажгиталда букIана мадрасалъул директор Жамалудин-хIажи ГIабасовасул хIалтIул хIисаб кьеялъул данделъи. Гьеб данделъиялда гIахьаллъана муфтий АхIмад-хIажи ГIабдулаев, гьесул заместителал М-ХI. Мангуев, М. МухIаммадов (КъахIибский), районалъул имам ГъазимухIаммад-хIажи, Къудукь росдал мажгиталъул имам М. Такъигудиев ва цогидалги. «Росулъ мадраса рагьаралдаса араб анкьго соналда жаниб камилго как базе, тажвидалда къуръан цIализе, ислам, иман, ихIсанги лъазабун къватIиве виччана 2I4 чи. Гьаб соналъ мадрасаялда цIалулев вукIана 226 чи, гьездасан I6I яс ва 65 вас»-ян бицана директорас. Данделъиялда кIалъазе рахъарал: МухIаммад КъахIибскияс тIадчIей гьабуна лъималазе исламияб гIелму, лъай щвеялъе эбел-инсуца кIвар кьезе ккелилан, М. Такъигудиновас абуна диналъе щун бугеб эркенлъиялъухъ нилъеца Аллагьасе щукру гьабизе кколилан, росдал жамагIаталъул вакил М. МухIаммадовас жамагIаталъул рахъалдасан ракIракIалъулаб баркала кьуна тIаде рачIарал гьалбадерие, хасго АхIмад-хIажи ГIабдулаевасе гьес белехьдерил гьабулеб бугеб тIадчIараб тIалабалъухъ.

4-6 маялда росулъ тIобитIана муфтиясул призалъе гIоло волейбол хIалезул республикаялъул турнир ва Дагъистаналъул гIалимзабазул мажлис, ай цо моцIалда жаниб муфтий кIиго нухалъ вачIана Балахьуниве. «Нилъер росоцояв Жамалудин-хIажи МахIачхъалаялъул Хуршиловасул къотIноб бугеб мажгиталъул имамлъун хIалтIизе вачиналъги нугIлъи гьабулеб буго муфтияс Балахьуни росдадехун кьолеб бугеб кIваралъе»-ян абуна гьес. Муфтияс бицана бусурбабазда гьоркьор рикьалаби ккеялъ кколеб заралалъул, тIарикъаталъ ракIалъе гьабулеб лъикIаб асаралъул ва цогидалъулги хIакъалъулъ.

**ГЪАЗИМУХIАММАДИЛ МУХIАММАД,**
**Балахьуни росо.**

**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

В министерстве природных ресурсов и экологии РД состоялся тендер на охотничий угодий территории Ирганайской зоне. Тендер выиграл Алиев Алибег Магомедович. Имеется необходимые документы на 49 лет. В связи с этим охота без лицензии на данной территории запрещено. По вопросу охоты обращаться по телефону: **89285601051**

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.**<br>**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**<br>**Главный редактор**<br>**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА** | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**<br>**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**<br>**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.** | **Адрес редакции:**<br>**51373**<br>**Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**<br>**Телефон редактора 89896522856**<br>**sadovoduns@yandex.ru**<br>**398940** | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать -2 .6. 17 г. 16.20 фактически -17.30 мин.<br>.......................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |